



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2025 LA

*Gouvènè a devwale bidjè ekilibre ak investisman rekò, san ogmantasyon taks sou revni*

*Investisman nan inisyativ sekirite piblik pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite*

*35.5 milya dola pou finanse Medicaid Health Care pou Nouyòkè ki elijib yo*

*4.8 milya dola pou lite kont maladi mantal grav ak kriz sante mantal jèn yo*

*35.3 milya dola pou èd lekòl, yon ogmantasyon 825 milyon dola pa rapò ak ane pase a, pi gwo investisman ki te janm fèt nan edikasyon nan istwa eta a*

*New York sekirize 6 milya dola nan finansman federal grasa egzansyon 1115 la*

*Investisman rejyonal ak nan tout eta a pou ranfòse devlopman ekonomik*

*Investi 435 milyon dola nan pwojè rezistans pou pwoteje kominote yo kont gwo inondasyon yo*

*Enplemante Inisyativ Reyamenajman Sit ki pa Itilize pou Lojman pou reyitilize sit ak pwopriyete Eta a pou itilize kòm Lojman*

*100 milyon dola pou pwogram bouche twou yo; 61 milyon dola pou avanse avèk Interborough Express ak planifikasyon ekstansyon metwo Second Avenue an*

*Liv bidjè konplè a disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gran pwen nan bidjè ane fiskal 2025 la. Bidjè sa a reflète angajman Gouvènè Hochul pran pou fè New York vin pi abòdab, pi fasil pou viv ak pi an sekirite – pandan l ap itilize yon apwòch ki responsab sou plan fiskal ki kenbe Eta a sou yon chimen estab pou ane k ap vini yo.

"Bidjè sa a fè li klè ke disiplin fiskal ka ko-egziste ak politik pwogresif, ki santre sou moun," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pran angajman pou m mennen bon batay

yo nan non Nouyòkè yo, epi pou m pouswiv byen komen ak bon sans – nan chèche yon baz komen."

### **Yon Bidjè ki Balanse**

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 Gouvènè Hochul la gen ladan l'investisman enpòtan pou fè New York vin pi abòdab, pi fasil pou viv ak pi an sekirite. Tout depans fon yo se 233 milya dola, ki gen yon kwasans 4.5 pousan. Gouvènè Hochul bay priorite pou ranfòse rezèv Eta a, ki kounye a reprezante yon ti kras plis pase 15 pousan nan depans fonksyonman yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York te kenbe yon evalyasyon bon AA+, sa ki redui depans pou prete yo.

### **Amelyore Sekirite Piblik ak Lite Kont Krim**

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la fè investisman sible nan inisyativ ki pral ranfòse efò pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Depans pou ajans sekirite piblik Eta New York yo enkli:

- Investisman **347 milyon dola** nan pwogram pou anpeche ak diminye vyolans ak zam.
- **290 milyon dola** pou restore efikasite tout sistèm jistis kriminel la.
- **120 milyon dola** nan finansman asistans pou viktim.
- **40.2 milyon dola** pou lite kont vòl nan komès an detay epi pote soulajman pou ti biznis yo.
- **40.8 milyon dola** pou senk òganizasyon ki pa gen yon konsantrasyon sou vyolans domestik.
- **35 milyon dola** pou pwochen faz pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans yo
- **5 milyon dola** pou Kredi Taks Sekirite Komèsyal pou ede pwopriyetè biznis yo konpanse depans pou vòl nan komès an detay.
- Nouvo **lejisasyon pou ranfòse Lwa sou Kanabis la**, ki ede Biwo Jesyon Kanabis ak gouvènman lokal yo sele oswa mete anba kadna biznis ki pa gen lisans yo.

### **Transfòme Sistèm Swen Sante Mantal la**

Sistèm sante mantal New York la pa gen t resevwa ase finansman depi plizyè dizèn ane, men Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la ogmante investisman eta a plis pase 45 pousan, soti nan 3.3 milya dola an 2022 a 4.8 milya dola nan tout sistèm swen an. Investisman sa yo gen ladan:

- **55 milyon dola** pou kreye 200 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan ki entènè.
- **45 milyon dola** pou sante mantal jèn yo enkli sèvis nan lekòl yo ak sèvis konsèy ant kamarad.
- **43 milyon dola** pou kenbe inite lojman sipò pou moun ki bezwen sèvis sante mantal.
- **42.2 milyon dola** pou ogmante ranbousman pou sèvis tretman sante mantal yo.

- **37 milyon dola** pou devlope nouvo pwogram pou moun san lojman k ap viv ak maladi mantal yo
- **24 milyon dola** pou ede moun ki gen pwoblèm sante mantal yo ki nan sistèm jistis kriminèl la.

### **Investisman istorik nan edikasyon piblik**

Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te ogmante finansman lekòl la nan yon kantite rekò — yon total 6 milya dola sou dezan — e li gen ladan l yon pwopozisyon pou asire ke chak distri lekòl itilize meyè pratik ansèyman ki baze sou Syans Lektif. Ane sa a, Gouvènè Hochul ap pwopoze pi gwo kantite èd lekòl nan istwa Eta New York:

- 35.3 milya dola nan èd total lekòl, yon ogmantasyon **825 milyon dola** (2.4 pousan) apati ane fiskal 2024. Sa enkli yon ogmantasyon **507 milyon dola** nan Foundation Aid.
- **10 milyon dola** pou fòme 20,000 pwofesè ak asistan pwofesè nan pi bon pratik pou pratik ansèyman ki baze sou prèv.
- Ekstansyon **4 ane** Kontwòl Majistra a sou lekòl piblik Vil New York yo.

Bidjè Egzekitif la kontinye aplike vizyon Gouvènè Hochul pou transfòme sistèm edikasyon siperyè piblik Eta a pou l vin sistèm edikasyon siperyè ki pi bon ak pi ekita nan tout eta a nan peyi a:

- **1.2 milya dola** pou pwojè kapital SUNY ak CUNY yo.
- **207 milya dola** pou operasyon SUNY ak CUNY yo.
- **2.75 milyon dola** pou SUNY Empire State Service Corps, ki ofri etidyan yo opòtinite travay nan sèvis kominotè.
- **2.5 milyon dola** pou depans fonksyonman patisipasyon SUNY nan sistèm Empire AI.
- **2 milyon dola** pou wòl SUNY nan NY SWIMS.
- **1.5 milyon dola** pou Sant Kominikasyon Risk Meteyo Eta a nan Inivèsite Albany.

### **Ranfòse Sistèm Swen Sante New York la**

Swen Sante se pi gwo depans nan bidjè Eta New York la. Gouvènè Hochul ap pwopoze yon dosye finansman pou kenbe Nouyòkè yo an sante, pandan y ap mete pwogram Medicaid la sou baz fiskal dirab alontèm.

- **35.5 milya dola** pou Medicaid, ansanm ak chanjman sible ak transfòmasyon pou asire solvabilite ak dirabilite alontèm pwogram Medicaid la.
- **315 milyon dola** pou bay sibvansyon pou asirans sante pou moun yo nan jiska 350% liy federal povrete ki enskri nan Plan Sante ki Kalifye yo.
- **67 milyon dola** nan Fon Règleman Opyoyid pou sèvis rediksyon domaj, prevansyon ak rekipasyon.
- **45 milyon dola** pou sèvis andikap ak opòtinite pou viv endepandan.

- **25 milyon dola** pou katalize inovasyon nan rechèch ak tretman pou ALS ak lòt maladi ra.
- **6.7 milyon dola** pou vin yon eta "travay an premye" pou kominote andikape yo.

Bidjè Egzekitif la enkli **7.5 milya dola** nan finansman pandan twa pwochen ane yo (6 milya dola federal, 1.5 milya dola eta) atravè [yon amannman nan pwogram Demonstrasyon Seksyon 1115 Medicaid New York](#) pou sipòte yon seri aksyon konplè pou avanse ekite nan sante, diminye disparite nan sante, ak ranfòse aksè a swen sante primè ak konpòtman atravè eta a.

- Mete sipò kapital disponib epi bay fleksibilite règlemantè pou ede transfòme lopital nan sistèm nan pou atenn dirabilite.
- Pou fè avanse ekite nan sante, diminye disparite nan sante, epi sipòte livrezon swen sosyal.
- Pou ankouraje transfòmasyon sistèm livrezon kontinyèl, amelyore sante ak kalite popilasyon an, amelyore entegrasyon sèvis yo, epi avanse sèvis bezwen sosyal ki gen rapò ak sante (health-related social need, HRSN).
- Egzansyon an gen ladan tou **550 milyon dola** nan finansman anyèl pou sipòte tranzisyon founisè ki nan detrès nan yon nouvo modèl swen ki itilize bidjè global la.

### **Ankouraje Kwasans Ekonomik ak Opòtinite**

Envestisman kontinyèl nan rekiperasyon ekonomik New York se yon eleman kle nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la. Vizyon devlopman ekonomik Gouvènè Hochul konsantre sou endistri kote inovasyon enpòtan anpil pou siksè ki mennen ale nan avansman priyorite ekonomik rejyonal yo atravè envestisman estratejik nan kominote atravè eta a.

- **500 milyon dola** nan resous kapital pou sipòte angajman 1 milya dola Eta a pran pou elaji ak modènize NY CREATE Albany NanoTech Complex.
- **200 milyon dola** pou inisyativ Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) pou etabli yon rezo kat nouvo sant devlopman mendèv sou koridò I-90 nan nò Eta New York
- **100 milyon dola** pou pwogram FAST NY pou devlope sit ki pare pou lanse pou asire ke New York kontinye atire gwo anplwayè ak konpayi fabrikasyon gwo teknoloji.
- **50 milyon dola** pou Inisyativ Retabli Kominote New York yo pou retire move maladi, re-anime sant vil yo, ak jenere opòtinite ekonomik nan kominote yo nan tout eta a.
- **150 milyon dola nan nouvo sibvansyon kapital ak 75 milyon dola nan nouvo kredi taks Excelsior** pou finanse pwojè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo kowòdone ak planifye.
- **100 milyon dola** pou yon lòt seri Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la.

- **100 milyon dola** pou New York Forward pou sipòte kominote riral yo nan eta a.
- **275 milyon dola** pou sipòte [Inisyativ Empire AI](#) pandan plizyè ane, ansanm ak plis pase 125 milyon dola nan angajman finansye pou plizyè ane nan men patnè prive yo.
- **56.5 milyon dola** pou touris ak kanpay piblisite yo.
- **50 milyon dola** pou sipòte yon seri adisyonèl nan pwogram sibvansyon NYSCA pou pwojè kapital tout dimansyon nan òganizasyon atistik yo atravè eta a.

### **Wout ki Pi An Sekirite, Pi Bon Transpò**

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la gen ladan l'investisman pou kontinye amelyorasyon wout, pon ak sekirite atravè New York ki gen ladan:

- **7.9 milya dola** nan Èd pou Lekòl (School Aid) pou MTA, ke Gouvènè Hochul te sove nan "falèz fiskal la" nan bidjè ane pase a.
- **7.6 milya dola** pou twazyèm ane nan senk ane 32.9 milya dola Plan Kapital Depatman Transpò, pi gwo nan istwa New York.
- **577.8 milyon dola** nan finansman pou Pwogram Amelyorasyon Otowout Ki Konsolide a (Consolidated Highway Improvement Program, CHIPS) ak pwogram Marchiselli a.
- **551 milyon dola** pou transpò ki pa MTA nan rejyon sid eta a.
- **323 milyon dola** pou sistèm transpò piblik nan nò eta New York.
- **100 milyon dola** pou Pwogram Bouche Twou nan Wout yo (Pave our Potholes, POP)
- **45 milyon dola** pou travay teknik sou Interborough Express la
- **16 milyon dola** pou avanse avèk planifikasyon ekstansyon metwo Second Avenue an rive Broadway.
- Entwodwi yon pake sekirite konplè pou adrese rès rekòmandasyon lejislatif yo ki soti nan Gwoup Travay sou Sekirite Pasaje Limouzin Long yo.

### **Konbat Chanjman Klimatik epi Ankouraje Rezistans**

Objektif klimatik New York yo fè pati objektif ki pi anbisyè nan peyi a. Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la pwouve angajman Gouvènè Hochul pou pran mezi desizif, satisfè echèl ak ijans kriz klimatik la pandan l'ap grandi ekonomi nou an ak pwoteje konsomatè yo.

Bidjè Egzekitif la gen ladan pwopozisyon ki pral akselere tranzisyon New York nan enèji pwòp. Lwa sou Tranzisyon nan Gaz Abòdab la pral pwoteje kliyan sèvis piblik yo pou yo pa peye pri envèstisman ki pa garanti nan enfrastrikti gaz fosil epi ap etabli nouvo règ ak direktiv ki aplike pou ekstansyon sèvis gaz an akò ak Lwa sou Lidèchip Klimatik la. Bidjè Egzekitif la gen ladan tou Lwa sou Aksyon Renouvlab Atravè Pwojè Entèkoneksyon ak Deplwaman (Renewable Action Through Project Interconnection and Deployment, RAPID), ki pral kreye gichè inik pou revizyon anviwònmantral la ak pèmasyon gwo enèji renouvlab ak enstalasyon transmasyon yo nan Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES), senplifye enplantasyon enfrastrikti vèt ki nesèsè pou satisfè objektif klimatik Eta a. Bidjè Egzekitif la gen ladan yon pwopozisyon pou elaji pwogram Kominote Entèlijans fas ak Klima (Climate Smart

Communities, CSC) nan ogmante sibvansyon maksimòm pou ede lokalite yo fè fas ak defi ekonomik, sosyal ak anviwònmantral chanjman klimatik kreye yo.

Bidjè Egzekitif la gen ladan:

- **500 milyon dola** pou dlo pwòp sou de ane.
- **435 milyon dola** nan pwojè rezistans pou pwoteje kominote yo kont gwo inondasyon, tankou 250 milyon dola pou yon pwogram racha volontè.
- **400 milyon dola** pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantral la (Environmental Protection Fund, EPF).
- **100 milyon dola** pou Pwogram Gwo Fon Eta a.
  
- **160 milyon dola** ki investi nan [NY SWIMS](#) pou abòde dezinvestisman nan instalasyon natasyon ak sovtajan nan kominote defavorize yo ak yon lòt 446 milyon dola pou investi nan pak ak pisin Eta nou yo.
  
- **47 milyon dola** pou plante plis pase [25 milyon pye bwa](#) nan New York anvan 2033, jan yo te anonse nan Diskou 2024 Eta Leta Gouvènè a.

### **Fè fas ak kriz migran ak moun k ap chèche azil yo**

Depi migran ak moun k ap chèche azil yo te kòmanse rive nan vil New York nan yon kantite rekò, Gouvènè Hochul te pran yon wòl dirijan pou ede vil la jere kriz sa a.

Aprè li te fin bay alokasyon 1.9 milya dola pandan ane fiskal ki sot pase a pou pwoblèm sa a, Gouvènè Hochul pral ogmante sipò Eta a nan efò Vil la nan **2.4 milya dola**. Sa gen ladan **500 milyon dola** ki soti nan rezèv Eta a ki fèt pou itilize pandan ijans yon sèl fwa.

### **Kontinye Konsantre sou Lojman**

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 Gouvènè Hochul la gen ladan inisyativ pou adrese kriz lojman nan tout New York.

- Egzije pou lokalite yo resewa sètifikasyon Kominote An Favè Lojman pou jwenn aksè jiska **650 milyon dola** nan finansman diskresyonè eta a.
- **500 milyon dola** nan fon kapital dedye a devlope jiska 15,000 inite lojman sou pwopriyete eta a.
- **Lejislasyon pou ogmante rezèv lojman nan Vil New York** ki gen ladan nouvo ankourajman taks, otorite pou vil la leve restriksyon demode nan dansite rezidansyèl yo kote sa apwopriye, motivasyon pou ankouraje lojman abòdab nan transfòmasyon biwo yo, ak yon chemen pou legalize apatman sousòl ak kav
- **Lejislasyon pou ogmante pwoteksyon pou founisè lojman abòdab** nan entèdi konpayi asirans yo ogmante prim sou pwopriyete pwopriyete yo baze sou sous revni lokatè, egzistans inite lojman abòdab oswa resepsyon asistans gouvènman an

- **Lejislasyon pou pwoteje pwopriyetè kay yo** lè nou kreye yon definisyon klè sou krim vòl yon tit pwopriyete pou ede amelyore ranfòsman ak lòt mezi pou anpeche krim lèd sa a

### **Ranfòse ak Pwomouvwa Agrikilti**

Nouvo investisman nan endistri agrikilti New York ak rezistans klimatik.

- **34 milyon dola** nan sibvansyon kapital pou teknoloji depo lèt nan fèm ak enfrastruktir transfòmasyon pou amelyore efikasite chèn apwovizyonman an.
- **21 milyon dola pou yon nouvo Jesyon Fatra Altènatif ak Pwogram Alimantasyon Presizyon Amelyore** pou diminye emisyon gaz lakòz efè tèmik ki soti nan agrikilti.
- **10 milyon dola** pou kontinye yon investisman plizyè ane nan sipò enstalasyon kwizin ki prepare manje pou lekòl K-12 apati pwodwi agrikòl Eta New York.
- **10 milyon dola pou relanse endistri akwakilti New York atravè Transfòmasyon Manje Ble (Blue Food) epi pou devlope biyo-ekonomi New York la**

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)